



# Réseau National de Défense des Droits Humains (RNDDH)

Membre de la  
**fidh**

*14 lane aprè katastwòf 12 janvye 2010 la: Viktim tranblemann tè ak viktim  
ensekirite rankontre nan kan yo anba je otorite Leta yo ki san pitye*

**12 janvier 2024**

1. 12 janvye 2010, yon tranblemann tè 7.3 frape peyi Dayiti sa ki lakoz 222.517 moun pèdi lavi yo ak plis pase 300.000 lòt ki disparèt. Plizyè milye lòt moun pèdi yon pati nan kò yo. Alòske Leta ayisyen potko menm chanje sitiyasyon viktim 2010 yo, peyi a konnen yon lòt tranblemann tè 5.9, jou ki te 6 oktòb 2018 la nan depatman Nòdwès ak Latibonit kote 15 moun mouri. 300 moun pou pi piti blese, 7.124 kay andomaje ak 1.227 lòt kay kraze plat.

2. Nan dat 14 dawout 2021, yon twazyèm tranblemann tè 7.2 pase nan peyi a nan depatman Nip, Sid ak Grandans. Sa ki lakoz 2.248 moun mouri, 12.763 lèzòt blese ak 329 moun disparèt. Anplis, gen 2 moun ki te mouri nan zòn basen ble ki nan depatman Nòdwès.

3. Yon lòt bò bandi ak zam pa sispann simen laperèz ak latwoublay nan peyi a anba je gwo zotobre yo. Depi 2018 pou rive jounen jodia, gen pou pi piti 25 masak ak atak ki fèt nan peyi a sa ki lakoz anpil moun mouri, anpil fanm ak tifi viktim kadejak, anpil moun blese, anpil kay, machin ak moto boule. Sityasyon malouk sa lakoz anpil moun blije deplase kouri kite kay yo pou ale refijye yo nan lekòl, legliz, sou plas piblik oubyen sou tèren vid kote yo fè kan pou yo rete.

4. Nan sans sa, **Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun** (RNDDH) te mennen yon ankèt sou kondisyon lavi moun ki nan kan yo swa akoz yo te viktim 12 janvye 2010 oubyen yo te viktim ensekirite. Nou rive jwenn pou pi piti 60 kan nan depatman Lwès, 25 % gen viktim tranblemann tè ladan yo epi 75 % gen viktim ensekirite.

5. Dapre enfòmasyon Direksyon Pwoteksyon Sivil bay, depi plis pase 2 lane, kantite kan yo ogmante anpil. Jounen jodia, gen plis pase 37.300 moun ki bay yon total 7.460 fanmi k ap viv nan kan sa yo.

6. Soti 5 desanm 2023 pou rive 10 janvye 2024, RNDDH vizite epi pale ak responsab 41 kan pami yo 15 ki gen viktim tranblemann tè epi 26 lòt ki gen viktim ensekirite. Men rezulta nou rive jwenn pou 26 kan viktim ensekirite yo:

- Nan 15% nan 26 kan ki kreye akoz ensekirite nou te vizite yo, timoun yo pa al lekòl. Nan lòt kan yo, kantite timoun ki pa ale yo varye ant 10% a 55%.
- Nan 96% kan ensekirite yo, gen moun kap viv ak yon andikap ki anpeche yo fè mouvman oubyen deplase. Nan 57% pami kan yo, gen moun ki gen yon andikap ki atake sans yo (bèbè, avèg, soud). 69% nan kan yo gen moun ki gen twoub mantal.

*14 lane aprè katastwòf 12 janvye 2010 la: Viktim tranblemann tè ak viktim ensekirite rankontre nan kan yo anba je otorite Leta yo ki san pitye*

- Komite k ap jere kan yo gen divès mannyè yo aranje yo pou organize sekirite kan yo. Gen ladan yo ki bay viktим yo yon kat ki di yo fè pati kan, yo mete brigad siveyans oubyen yo mande èd Pwoteksyon civil oubyen Lapolis. Poutan mwayen sa yo pa penmèt yo gen kontwòl sit yo vrèman ni pwoteje viktим yo kont atak bandi.
- Nan 88% kan ki kreye akoz ensekirite yo gen moun ki conn ap joure ak lòt, 73% nan kan yo conn gen goumen, 61% kan nou jwenn moun k ap volò afè moun ak nan 12% kan yo ki conn gen vyolans ki fèt swa paske deplase a se yon fanm ouswa yon gason.

7. Yon lòt bò, nan 92% kan, viktим yo resevwa èd alòske gen 8% ki pa janm jwenn anyen. Pami tout kan ki jwenn èd yo, gen 27% ladan yo ki jwenn asistans ONG, antrepriz prive oubyen Leta. Poutan, èd ki bay yo tankou manje, kit alimantè, kit iijyenik, swen lasante, kouran ak asistans sikolojik pa rive kouvri bezwen tout moun.

- 46% nan kan yo jwenn dlo nan men DINEPA, 19% benefisyè dlo nan men ONG oubyen nan men antrepriz prive. 8% al pran dlo nan men kèk moun nan ozalantou kan yo, alòske gen 4% ki blije sèvi ak dlo lapli. Alafen, gen 23% nan kan yo kote viktим yo oblige achte bokit dlo (5 galon) jiska 50 goud.
- 81% kan gen twalèt alòske lòt 19% kan yo pa gen twalèt ditou. Anplis, twalèt yo plen epi yo pa netwaye.
- 23% kan yo jwenn lòt mwayen pou mete kouran nan espas yo poutan gen 12% ki benefisyè kouran EDH. 57% kan pa gen kouran ditou.
- Viktим ki nan kan yo pa gen kote pou jete fatra. Yon lòt bò, pifò lkan yo pa gen kote pou moun yo benyen, gen viktим ki blije kache dèyè machin oubyen nan lari a pou yo benyen.

8. Akoz move kondisyon lijyèn ki gen nan kan yo, gen plizyè ka kolera ki resanse, gen moun ki gen gratèl ak lòt enfeksyon. San nou pa bliye gen plizyè fanm ki mouri apre akouchman. Moun ki gen VIH/SIDA pa benefisyè okenn akonpayman. Poutan, gen 12 kan ki gen ajan Ministè sante publik ki la senpman pou pran tansyon epi fè kanpay vaksinasyon pou timoun ak kont kolera.

9. Jounen jodia, RNDDH konstate menm jan ak tout moun, 14 lane apre tranblemann tè 12 janvye 2010 la, viktим katastwòf sila a ak viktим ensekirite yo fè yon sèl ansanm anba je zotobre yo nan leta ki pa ba yo regle anyen pou yo.

10. RNDDH twouve li pa nòmal pou gen plis moun nan kan akoz ensekirite pase viktим katastwòf natirèl. Menm jan tou, nou pa ka aksepte moun ap viv nan sitiyasyon malouk sa yo pandan Leta pa fè anyen pou amelyore kondisyon lavi yo.

11. Nan sans sa RNDDH ap raple dwa pou respekte lavi moun, dwa pou sekirite, dwa pou respekte kò ak diyite moun ak dwa pou viv byen se dwa fondalnatal ki nan konstitisyon peyi Dayiti ak nan dokiman ajans onizyèn ak ameriken, Ayiti te siyen. Anplis, prensip

---

*14 lane aprè katastwòf 12 janvye 2010 la: Viktим tranblemann tè ak viktим ensekirite rankontre nan kan yo anba je otorite Leta yo ki san pitye*

direktè sou deplasman moun andedan pwòp peyi yo, ki soti nan dat 11 fevriye 1998 sou lobedyans Ajans nasyonzini pou Refijye, rekonèt se Leta ki dwe òganize l pou fè respekte epi reyalize dwa sila yo.

12. Prensip direktè 18 la presize tout moun ki deplase andedan pwòp peyi yo gen dwa pou yo gen yon vi nòmal. Anplis, atik 25 nan deklarasyon inivèsèl dwa moun nan di: kèlkeswa sikontans, san diskriminasyon, otorite konpetan yo dwe bay moun ki deplase yo manje ak dlo potab (ki pa gen danje pou sante yo); bon kote pou yo rete; rad pou yo mete; sèvis medical ak enstalasyon pou swen sante esansyèl yo nan tout sekirite.

13. Anplis, moun ki blese yo ak moun ki gen yon andikap swa nan kò ouswa nan lespri yo dwe jwenn yon asistans espesyal menm jan pou fanm ak tifi sitou sa ki ansent yo ouswa ki viktим kadejak.

14. Dapre prensip direktè 19 la, sèvis asistans sikolojik ak sosyal yo dwe disponib pou moun ki deplase andedan pwòp peyi yo. Anplis, se responsablite otorite nan leta ki pou fè prevansyon pou anpeche maladi pwopaje nan mitan deplase yo.

15. Fòk nou souliye prensip 21 an ki pwoteje pwopriyete prive ak byen viktим yo kont zak piyaj, destrikson ak kont tout okipasyon ilegal yo. Fas ak ensekirite sa ki boujounen akoz negligians otorite yo ki nan konivans ak bandi, RNDDH mande :

- Resanse tout moun k ap viv nan kan 12 janvye 2010 yo ak kan kin gen viktим ensekirite;
- Bay tout moun ki deplase yo, san patipri epi selon bezwen yo èd imanité, lajan ak sikolojik;
- Penmèt timoun ki nan kan yo al lekòl;
- Toujou Netwaye sit yo ak latrin yo pou anpeche maladi pwopaje nan espas yo;
- Bay lapolis lòd ak mwayen pou gen plis patwouy pou sekirize ozalantou ak andedan tout sant yo;
- Penmèt moun yo jwenn bon jan kote pou yo rete pandan yon titan;
- Kreye kondisyon pou sekirite pou penmet viktим yo retounen lakay yo nan respè dwa fondalnatal yo;
- Dedomaje tout viktим ki te pèdi byen yo pandan atak ak masak ki fèt depi nan lane 2018;
- Boutofen, mete yon fen ak koze bandi nan peyi a.